



Transfè Avantaj Lis Bagay pou w Veye



Konnen kisa pou w veye pou detèmine si y ap twonpe ou pou fè w siyen yon AOB. Paske se pou ou kontra asirans la ye, ou dwe respekte obligasyon ou anba kontra a epi konprann responsablite ou gen nan reparasyon. Tout kontra asirans pwopriyete yo diferan. Pou w ka konnen responsablite ou, gade nan Seksyon Kondisyon, Responsablite apre yon Pèt nan kontra asirans ou a. Si ou gen kesyon, kontakte ajan asirans oswa konpayi asirans ou an.

Men kèk bagay pou w veye:



Ou santi y ap ba ou ou presyon pou siyen yon kontra oswa lòt dokiman.



Yo mande w pou w siyen pou transfere avantaj ou yo bay yo pou kòmanse pwosesis reparasyon an.



Dokiman/kontra a gen langaj ki sanble ak yon mande pou jere reklamasyon an - pouvwa sa a bay konpayi a dwa pou negosye ak chanje chèk ak/oswa anboche yon avoka oswa ajistè piblik pou ou.



Lang la egzije pou yo ekri tout chèk pou avantaj la sou non yon moun oswa konpayi ki pa ou menm (mèt asirans la) oswa konpayi ipotèk ou a.



Langaj la anpeche konpayi asirans ou an kominike dirèkteman avèk ou sou reklamasyon ou an.



Dokiman pa parèt pwofesyonèl epi li gen fot gramè, fot frap, oswa espas vid.



Mas 2017